# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 फरवरी 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भारत आ अमेरिका के बिच्चे अंतरिम ब्यौपार समझौता क फ्रेमवर्म के सुखद खबरि बतवले हवें। सोसल मीडिया पोस्ट में श्री मोदी कहलें कि ई फ्रेमवर्म भारत–अमेरिका साझेदारी क गहराई, भरोसा आ गतिसीलता के दरसावे ला। उहां के कहलीं कि एहसे महिला लोगिन आ नौजवानन बदे बड़हन पैमाना पर रोजिगार क मौका सृजित होई। रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह समझौता के भारत क आरथिक यात्रा में एगो खास रणनीतिक उपलब्धि बतवलें। केन्द्रीय वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल संवाददाता सम्मेलन में कहलें कि येह समझौता से नया अवसर खुली। श्री गोयल कहलें कि दुन्नो देसन के बिच्चे पांच सौ अरब डॉलर ब्यौपार क लक्ष्य बा।

***फरवरी 2025 में चर्चा शुरू की थी इस उद्देश्य के साथ कि भारत और यूनाइटेड स्टेट्स पांच सौ बिलियन डॉलर का द्विपक्षीय व्यापार हर वर्ष होना चाहिए। उस लक्ष्य को हासिल करने के लिए आज का दिन स्वर्णिम अक्षरों में लिखा जाए।***

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान भारत–अमेरिका अंतरिम ब्यौपार समझौता क सराहना कइले हवें उहां के कहलीं कि एहसे किसानन के पूरा संरक्षण मिली। श्री सिंह कहलें कि किसानन क हित सर्वोपरि हवे।

***हमारे सारे उत्पाद जो हमारे किसान पैदा करते हैं वो पूरी तरह से सुरक्षित हैं। उलटे निर्यात के लिए हमको बाजार मिलेगा। हमारा बासमती चावल अमरीका में धूम मचाएगा। अठारह परसेंट उस पर टैरिफ घटकर हो गया है। हमारे मसाले जाएंगे, हमारे टैक्सटाइल अगर जाएगा तो कपास के किसानों को फायदा होगा।***

**********

केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्य मंत्री कमलेश पासवान कहले हवें कि केन्द्रीय बजट–दुइ हजार छब्बीस–सत्ताईस विकसित भारत क संकल्प के पूरा करे वाला हवे। वाराणसी में आजु एगो पत्रकार वार्ता के दौरान श्री पासवान कहलें कि बजट में ढांचागत विकास, कृषि, स्वास्थ्य के सथहीं सज्जो क्षेत्रन आ जनकल्याण पर खास जोर दीहल गइल बा। उहां के वाराणसी के मिलल हाईस्पीड रेल कनेक्टिविटी क सौगात के खास बतावत कहलें–

***आदरणीय प्रधानमंत्री मोदी जी के नेतृत्व में जब यह हाईस्पीड ट्रेन बढ़ेगी तब दिल्ली से बनारस की दूरी मात्र तीन घंटे की रह जायेगी। एक तो समय का भी बचत होगा और दूसरा विकास की गति और तेज होगी।***

ओहर, गोरखपुर में केन्द्रीय सामाजिक न्याय अउर अधिकारिता राज्य मंत्री बी.एल. वर्मा पत्रकार लोगिन से बतियावत केन्द्रीय बजट के महत्वपूर्ण प्रावधानन पर पुरहर चरचा कइलें। श्री वर्मा बजट के आम लोगिन क बजट बतावत कहलें कि मोदी सरकार हर क्षेत्र आ हर वर्ग खातिर काम कइले हौ। अम्बेडकरनगर में प्रदेस सरकार क खेल आ युवा कल्याण मंत्री गिरीश चन्द्र यादव पत्रकार वार्ता में कहलें कि केन्द्रीय बजट से उत्तर प्रदेस के सबसे बेसी लाभ मिली।

**********

प्रधानमंत्री आवास योजना–ग्रामीण के अंतर्गत केन्द्र सरकार राज्यन आ केन्द्र सासित प्रदेसन के तीनि करोड़ सतासी लाख से बेसी आवास क मंजूरी दिहले हौ। केन्द्रीय ग्रामीण विकास राज्य मंत्री डॉ. चंद्र शेखर पेम्मासानी काल्हि राज्यसभा में बतवलें कि येह बरिस दुइ फरौरी ले दुइ करोड़ पंचानबे लाख से बेसी घर क निरमाण पूरा हो चुकल बा। उहां के बतवलीं कि पछिला पांच बरिस में दुइ करोड़ दस लाख छाछठ हजार से बेसी मकानन क मंजूरी दीहल गइल हौ।

**********

भारतीय क्रिकेट कंट्रोल बोर्ड–बीसीसीआई भारतीय अंडर–नाइन्टीन पुरुष क्रिकेट विश्वकप विजेता टीम, तकनीकी स्टाफ आ चयन समिति बदे साढ़े सात करोड़ रूपिया के पुरस्कार क घोसणा कइले हौ। भारत काल्हि जिम्बाब्वे के हरारे में खेलल गइल फाइनल में इंग्लैंड के सौ रन से हरा के रेकार्ड छठवां बेरि विश्वकप क खिताब जितले रहल।

**********

काल्हि से लखनऊ छावनी के एएमसी स्टेडियम में सुरू भारतीय सेना क अग्निवीर भरती रैली के दुसरका दिन्ने सेना भरती कार्यालय लखनऊ के अन्तर्गत आवे वाला प्रदेस के तेरह जिलन बदे अग्निवीर क्लर्क–स्टोरकीपर टेक्निकल श्रेणी क भरती रैली भइल। एहमें आठ सौ चउहत्तर अभ्यर्थी हिस्सा लिहलें।

**********

उत्तर प्रदेश लोक सेवा आयोग पीसीएस परीक्षा–दुइ हजार चउबीस के साक्षात्कार क कार्यक्रम जारी कइ दिहले हौ। साक्षात्कार सोरह फरवरी से बीस मार्च ले कुलि तेइस तिथियन में आयोजित कइल जाई। पीसीएस क नौ सौ सैंतालीस पदन खातिर मुख्य परीक्षा में दुइ हजार सात सौ ओन्नइस अभ्यर्थियन के पास घोसित कइल गइल बा। अभ्यर्थी आयोग क वेबसाइट से साक्षात्कार पत्र डाउनलोड कइ सके लें।

**********

मथुरा आ हरदोई में आजु भइल अलगि–अलगि सड़कि दुरघटना में कुलि नौ लोगिन क मउति हो गइल। मथुरा में सुरीर थान्हा इलाका में यमुना एक्सप्रेस–वे पर तेज रफ्तार ट्रक के टक्कर से छौ जने क मउति हो गइल जबकि तीनि जने अउरियो घाही हो गइलें। ई सज्जो लोगि दिल्ली से कानपुर देहात जा रहलि बस से उतरि के सड़कि के किनारे खड़ा रहलें। मथुरा क वरिष्ठ पुलिस अधीक्षक श्लोक कुमार बतवलें कि घाही लोगिन के जिला अस्पताल में भरती करावल गइल बा आ उनकर हालति गम्भीर बतावल जा रहल बा। पुलिस मामिला दरज कइ के जांचि कइ रहलि हौ। ओहर हरदोई के सुरसा थान्हा इलाका में आजु भिन्नहीं डम्पर के टक्कर से मोटरसाइकिल सवार तीनि जने क मउति हो गइल।

**********